

Dwa Paran

Sèvis Tradiksyon ak Entèpretasyon

Tout paran genyen dwa pou yo genyen enfòmasyon sou edikasyon pitit yo nan yon lang yo kapab konprann. Lòske pitit ou ap enskri lekòl, Distri a ap poze w kesyon sou ki lang ou ta renmen itilize lòske w ap kominike ak lekòl la. Sa va ede lekòl ou an idantifye bezwen w yo parapò ak lang ou pale, pou ke yo kapab ba w yon entèprèt osinon kèk dokiman tradui, san ke ou pa bezwen peye anyen.

Kisa ou kapab atann nan men lekòl ou an ak distri lekòl ou an

Ou se yon pati enpòtan nan edikasyon pitit ou!

Lekòl la va kominike avè w sou edikasyon pitit ou nan lang ou prefere a. Souvan sa gen ladan l : dokiman tradui ak yon entèprèt lang, pou reyinyon ak konvèsasyon.

Se dwa w pou w resevwa sèvis sa yo, menm si ou ka pale yon ti anglè, e menm si pitit ou an kapab, ni pale, ni li anglè.

Lekòl la va kominike avè w **nan lang ou** sou enfòmasyon ak opòtinite enpòtan ki konsène pitit ou. Sa gen ladan l enfòmasyon sou :

- Enskripsyon ak anrejistreman
- Nòt, estanda skolè, ak gradyasyon
- Règleman lekòl la yo ak disiplin (pinisyon) elèv
- Prezans, absans, ak abandon lekòl
- Otorizasyon paran pou patisipasyon nan aktivite ak pwogram
- Sante, sekirite, ak ijans
- Fèmte lekòl
- Opòtinite pou jwenn aksè a kèk pwogram oswa sèvis – pami yo: plasman nan kou avanse ak pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè
- Edikasyon espesyal ak sèvis pou elèv ki genyen andikap

Reyinyon ak konvèsasyon avèk pwofesè ak pèsònèl lekòl yo

Lòske w ap pale avèk pwofesè oswa pèsònèl lekòl la yo, lekòl la ap ofri w yon entèprèt si toutfw w bezwen youn. Sa enkli konferans ant paran ak pwofesè, reyinyon sou edikasyon espesyal, oswa nenpòt lòt konvèsasyon ki anrapò ak edikasyon pitit ou.



Vizyon nou se founi yon edikasyon ki sansib kiltirèlman e lengwistikman, avèk sipò nesesè yo pou asire aksè ekitab a opòtinite ki ankouraje elèv yo aprann lang, pale de (2) lang, ekri nan de (2) lang epi aprann pou tout rès vi yo.

Lekòl Piblik Boston
Laura Perille, Sipèntandan Pwovizwa

Komite Lekòl Boston
Michael Loconto, Prezidan

Vil Boston
Martin J. Walsh, Majistra

Lekòl la ap sèvi ak entèprèt konpetan sèlman, ki kapab pale ni lang anglè a, ni lang pa w lan, byen swa. Lekòl la ap asire ke entèprèt la kapab konprann nenpòt tèm (nenpòt mo) oswa konsèp ke n ap itilize pandan reyinyon an.

Lekòl la pa dwe itilize ni elèv, ni timoun kòm entèprèt.

Entèprèt la dwe net (li pa dwe fè patipri pou okenn moun) e li dwe kominike tout sa ki di nan konvèsasyon an. Li pa dwe ni wete ni mete nan sa okenn moun di. Lekòl la dwe asire entèprèt yo konprann wòl yo ak nesosite pou yo kenbe enfòmasyon moun yo prive. Entèprèt la ka la an pèsòn, osinon l ka nan telefòn, e li kapab yon moun k ape travay pou Lekòl Piblik Boston kòm yon endepandan, osinon sou kontra pou yon ajans.

Enfòmasyon Ekri

Lekòl la va tradui enfòmasyon enpòtan ki alekri yo nan lang moun plis pale nan distri lekòl nou an. Si w resevwa enfòmasyon ki pa nan lang ou, tanpri fè lekòl la konn sa si w ta renmen yo tradui l pou ou, osinon ba w esplikasyon sou li nan bouch, nan lang pa w.

Èske w genyen kèk kesyon oswa enkyetid? Èske w bezwen kèk sipò?

Si w genyen okenn kesyon, osinon ou ta renmen fè yon demann pou yon entèprèt, osinon pou yon tradiksyon, **lekòl ou an kapab ede**. Pou plis enfòmasyon, ou kapab konsilte sit entènèt Sèvis Tradiksyon ak Entèpretasyon Lekòl Piblik Boston an.

Pran swen enkyetid ak plent

Sa yo se dwa ou!

Selon lwa eta a ak lwa Dwa Sivil federal yo, ou genyen dwa pou genyen aksè a enfòmasyon nan lang pa w.

Mande biwo prensipal lekòl la pou yon kopi regleman ak pwosedi distri a sou zafè aksè lengwistik. Epitou, ou kapab li yo sou entènèt sou sit sa a:

<https://www.bostonpublicschools.org/translation-interpretation>

Enkyetid ak plent

Si w genyen kèk enkyetid konsènan sèvis entèpretasyon, oswa sèvis tradiksyon, lekòl la – osinon, si l pa t ofri w ni entèprèt ni tradiksyon ou te bezwen an – ou genyen plizyè opsyon.

1. **Pale avèk direktè w la oswa pèsònèl lekòl la ou pi alèz avè l la.** Yon konvèsasyon avèk direktè lekòl ou a souvan se pi meyè premye etap ou kapab pran pou w pran swen enkyetid ou yo. Esplike l sa ki te pase a, epi fè direktè a konnen sa li menm li kapab fè pou l ede rezoud pwoblèm nan.
2. **Pale avèk distri lekòl ou an.** Ou kapab kontakte distri lekòl la pou w pataje enkyetid ou yo oswa pou w jwenn plis enfòmasyon sou dwa w.

Vizyon nou se founi elèv yo ak yon edikasyon ki sansib parapò ak zafè kilti ak lang, avèk sipò nesèsè yo, pou asire yo gen aksè ekritab a opòtinite ki ankouraje yo aprann lang, pale de (2) lang, ekri de (2) lang epi ki pouse yo kontinye aprann pandan tout rèz vi yo.

Biwo Ekite

1-617-635-9650 (Telefòn), 617-635-7940 (Faks) | www.bostonpublicschools.org/equity

Medyatri Distri a – Carolyn MacNeil

1-617-635-9054 (Telefòn), 1-857-891-1363 (Telefòn selilè) | cmacneil@bostonpublicschools.org

Biwo Elèv k ap Aprann Anglè – Allen Dowling, Direktè Sèvis Tradiksyon ak Entèpretasyon

1-617-635-9435 (Telefòn) | adowling@bostonpublicschools.org

3. **Ou kapab depoze yon plent.** Pou w ka depoze yon plent, espliche sa k te pase a alekri – nan nenpòt ki lang – epi voye li bay distri a atravè lapòs, oswa livre l an pèsòn, osinon voye l nan yon imel (tandicomplaints@bostonpublicschools.org). Anplis, ou kapab ranpli fòm plent la sou entènèt nan seksyon «Parent Portal Quick Link» la ki sou sit entènèt nou an. Fè si w kenbe yon kopi pou dosye w.

Adrès la se:

Boston Public Schools
Office of English Learners
Translation & Interpretation Unit
2300 Washington Street
Roxbury, MA 02119
Attn: Director of Translation & Interpretation

Distri a va menen ankèt sou plent ou an epi l va reponn ou alekri.

Nou vle w konnen ke Lekòl Piblik Boston pa gen dwa pou l pran revanj kont ni ou menm ni pitit ou dèske nou te pataje enkyetid nou, osinon plent nou.

Vizyon nou se founi elèv yo ak yon edikasyon ki sansib parapò ak zafè kilti ak lang, avèk sipò nesèsè yo, pou asire yo gen aksè ekkitab a opòtinite ki ankouraje yo aprann lang, pale de (2) lang, ekri de (2) lang epi ki pouse yo kontinye aprann pandan tout rèsvi yo.